



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 8 MILYON DOLA POU INISYATIV RESOUS EDIKATIF LIB YO NAN SUNY AK CUNY POU REDWI GWO DEPANS POU LIV YO

Dezyèm Faz nan Finansman pou OER yo pou Yo Pataje ant SUNY ak CUNY

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te atribiye 8 milyon dola pou Inisyativ Resous Edikatif Lib lan (Open Educational Resources, OER) nan SUNY ak CUNY, pou redwi gwo depans etidyan yo ap fè pou liv yo. Pou dezyèm ane yonn apre lòt, Gouvènè an ap bay finansman Resous Edikatif Lib yo pou SUNY ak CUNY, kote depans pou liv yo ki totalize jiska 1,200 dola chak ane yo ka egzòbitan pou etidyan yo. OER ap ofri bon jan kalite liv ak lòt materyèl ki disponib gratis yo ke yo ka telechaje, modifiye epi pataje.

“Edikasyon siperyè se yon nesosite pou yon avni klas mwayèn, sepandan ogmantasyon depans pou resous edikatif yo ap fè li difisil pou anpil etidyan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè pwogram tankou bous Eksèlisyò a, premye pwogram inivèsite gratis nan nasyon an pou etidyan yo ki nan SUNY ak CUNY, ansanm ak inisyativ OER lan, nou ap bay alèjman finansye ki enpòtan pou anpil etidyan ak fanmi nou yo, sa ki ap ede fè bon jan kalite edikasyon siperyè aksesib pou tout moun New York yo.”

Atravè Resous Edikatif Lib yo, inivèsite piblik Eta New York yo ap chanje zouti yo —ak depans yo— edikasyon siperyè yo nan New York:

- Nan ane akademik aktyèl lan, OER te ranplase liv yo nan plis pase 4,000 seksyon klas ki gen enskripsyon ki totalize prèske 100,000 etidyan, sa ki ap ekonomize plis pase yon montan konbine 12.3 milyon dola total.
- Dezyèm ane finansman eta a pral elaji atent OER lan pou rive jwenn prèske 8,000 seksyon klas adisyonèl ak enskripsyon ki totalize 175,000 etidyan.
- Apati fen semès Prentan 2019 lan, inisyativ lan pral gen 260,000 etidyan ki kouvri pou yon kantite ekonomi total plis pase 28 milyon dola.

“Chak moun ta dwe gen opòtinite pou yo ka pouswiv edikasyon siperyè san fado gwo depans pou pri ansèyman ak resous ki nesèsè nan sal klas yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou angaje nan fè inivèsite yo vin pi abòdab pou etidyan yo ak fanmi yo. Finansman sa pral kontinye bay alèjman finansye epi bay etidyan yo zouti ke yo bezwen pou ka reyisi nan inivèsite a ak lòt kote.”

Rektè SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Itilizasyon OER atravè SUNY ap kenbe pwomès ekonomi finansye konsiderab pou etidyan nou yo pandan ke l’ap bay fakilte nou yo pouvwa pou bay yon eksperyans etidyan ki endividalize ak kontni ke yo ka pèsonalize. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap kontinye fè inivèsite yo vin pi aksesib epi pi abòdab. SUNY kontan pou opòtinite ke zouti sa reprezante pou etidyan yo ak fakilte a toupatou nan eta a. Mèsi a bibliyotekè ak pèsònèl yo ki toupatou nan SUNY ak CUNY ki te fè pwojè enpòtan sa vin yon reyalyte”.

William C. Thompson, Jr., ki se Prezidan Konsèy Administrasyon CUNY a, te deklare, “Karant pousan nan etidyan CUNY yo soti nan fwaye ki gen revni anyèl ki mwens pase 20,000 dola. Depanse 1,200 dola nan yon ane pou elèv yo se senpleman pa yon opsyon pou yo. Etid yo te montre ke etidyan yo chwazi pou yo pa anrejistre pou klas yo ki gen gwo depans pou liv ak materyèl yo, kòm yon rezilta, yo pa ka pouswiv metriz yo tankou syans yo ki mande liv ki chè anpil yo. Envestisman pèmanan Gouvènè a nan OER ap bay yon sipò ki enpòtan anpil pou etidyan ki dezavantaje sou plan ekonomik yo, epi retire yon baryè ki te la depi lontan kont aksè, ekite ak ekselans nan edikasyon siperyè”.

CUNY ak SUNY yo toulède te travay an kolaborasyon epi yon fason separe pou devlope epi mete sou pye inisyativ OER lan kòm yon eleman gwo efò eta yo pou fè edikasyon siperyè piblik nan eta a vin a pri ki pi abòdab. De sistèm inivèsite yo te lanse resamman yon sit entènèt konjwen, [Open.NYS](https://www.open.nys.gov), pou asiste fakilte, bibliyotekè ak konsepsyonè enstwiaktif yo nan fè chanjman an pou ale nan liv ak materyèl ki gratis yo. Kreye ak finansman ki soti nan bidjè eta Ane Fiskal 2018 lan, yo te elabore espas lan pou sipòte demann Gouvènè Cuomo pou gen pi plis abòdabilite pou inivèsite, sa ki ap bay yon resous inik pou edikatè yo ki ap fè chanjman nan resous lib yo ke yo ka pèsonalize pou etidyan yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)